

Viris West Nile La (WNV)

Kisa Viris West Nile la ye (WNV)?

Viris West Nile la (WNV) se yon viris moustik pote ki ka koze maladi tankou ti lafyèy jiska maladi grav tankou ensefalit oubyen mennenjit. Yo te premye idantifye l Ozetazini an 1999 pou premye fwa.

Kòman WNV gaye?

Dabitid moun pran viris WNV a lè yon moustik ki enfekte mòde yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou diferan kalite moustik ki ka epapiye viris WNV a nan sit entènè t Depatman Sante Piblik Massachusetts nan www.mass.gov/dph/mosquito.

WNV ka gaye tou atravè transfizyon san oubyen grèf ògann lòt moun. Anplisdesa, gen ka ra yo repòte kote fi ansent oubyen fi k ap bay timoun tete ki enfekte avèk viris WNV a pase l bay tibebe yo. Kòm se raman yo repòte ka sa yo, efè sou sante yon timoun ki poko fèt oubyen y ap bay tete pa klè epi yo toujou ap etidye sa. Moun pa vin enfekte konsa paske yo gen kontak dirèk avèk lòt moun ki afekte, zwazo oubyen bèt.

Poukisa mwen pa bezwen repòte bèt ki mouri ankò?

De 2000 a 2008, Depatman Sante Piblik Massachusetts (MDPH), te kolekte rapò epi fè tès pou WNV sou zwazo mouri nan Massachusetts kòm yonn nan plizyè fason pou siveye aktivite WNV atravè tout Eta a. Nan ane resan yo, metòd sa a vin mwen itil pou jwenn viris la. Anpil lòt Eta sispann afè repòte epi teste zwazo mouri. Kolekte epi teste moustik ba w endikasyon ki pi si sou aktivite aktyèl WNV epi se sou aktivite siveye moustik yo ap kontinye konsantre.

Yo pa teste zwazo mouri ankò pou viris WNV a, yo pa bezwen repòte yo bay Depatman Sante Piblik Massachusetts. Yo ka mete zwazo mouri nan fatra avèk prekosyon. Itilize gan, yon pèl oubyen sachè plastik pou kouvri men w, ou ta dwe mete zwazo mouri an nan yon sachè double epi mete l nan fatra. Apre sa, ou dwe lave men w.

Ki sentòm WNV?

Majorite moun ki enfekte avèk viris WNV a (apeprè 80%) p ap gen oken sentòm.

Yon ti pòsyon moun ki enfekte (apeprè 20%) ap gen sentòm tankou lafyèy, maltèt, kò fè mal, kè plen, vomisman, e pafwa glann nan kou yo anfle. Yo ka devlope yon gratèl nan pwatrin yo, nan lestomak ak nan do yo.

Mwenske 1% moun ki enfekte avèk viris WNV la ap devlope maladi grav tankou ensefalit oubyen mennenjit. Sentòm maladi grav ka gen ladan yo gwo lafyèy, maltèt, kou rèd, pèdi konesans, dezoryante, koma, tranblad, kriz, feblès nan misk, pèt vizyon, angoudisman ak paralize. Moun ki gen plis ke 50 an gen plis risk pou yo devlope maladi gravess.

Èske viris WNV la komen anpil nan Massachusetts?

Paske pifò moun ki ekspoze a viris WNV pa gen sentòm, li difisil pou konnen ekzatemman konbyen moun ki enfekte. Yo souvan repòte moun ki devlope maladi grav avèk WNV a Ant 2011 a 2020, yo te repòte ke 148 moun te gen enfeksyon WNV nan Massachusetts. 7 nan moun sa yo te mouri. Yo idantifye ka tou atravè Eta a.



Kisa w ka fè pou pwoteje tèt ou kont viris WNV a?

Etandoneke se moustik leplisouvan ki gaye WNV la, men kèk bagay ou ka fè pou redwi chans pou yo pa mòde:

- Planifye aktivite deyò yo pou evite lè ant lè solèy kouche ak lè solèy leve, lè moustik yo pi aktif.
- Lè w deyò mete pantalon long, chemiz manch long ak chosèt. Li ka difisil pou fè sa lè tanperati a cho, men sa ap ede kenbe moustik lwen po w.
Itilize yon pwodwi kont moustik ki gen “**DEET**” ladan l (N, N-diethyl-m-toluamide), **permethrin**, **picaridin** (KBR 3023), **IR3535** (3-[N-butyl-N-acetyl]-aminopropionic acid) oubyen **lwil yo rele “oil of lemon eucalyptus”** la [p-menthane 3, 8-diol (PMD)] dapre enstriksyon ki make sou pwodwi a. Yo pa dwe itilize pwodwi DEET sou timoun ki gen mwens ke 2 mwa epi yo ta dwe itilize l nan konsantrasyon 30% oubyen mwens sou timoun ki pi gran. Yo pa ta dwe itilize lwil “lemon eucalyptus” la sou timoun ki gen mwens ke 3an aj. Pwodwi yo rele “Permethrin” fèt pou itilize pou bagay tankou rad, soulye, kouvrel, ak aparèy pou kan epi yo pa dwe mete l sou po.
- Repare tout twou nan gri fenèt lakay ou pou moustik pa antre epi asire yo byen tache nan tout pòt ak fenèt.
- Wete toutotou kay la tout bagay ki gen dlo ki kanpe. Men detwa konsèy:
 - Gade toutotou kay la pou w wè si gen resipyan ak lòt bagay ki ka gen dlo ki kanpe epi, si genyen, se pou w vire yo tèt anba, se pou w vide yo detanzantan, oubyen se pou w jete yo.
 - Fè twou nan fon tout kivèt resiklaj ki deyò nan lakou pou dlo pa kanpe men koule soti.
 - Netwaye tout goutyè kay la ki bouche ; wete fèy ak debri ki ka anpeche dlo lapli koule.
 - Vire ti pisin plastik ak bourèt yo tèt anba lè w pa sèvi ak yo.
 - Chanje dlo bòl zwazo yo chak 2-3 jou ; netwaye tilak plastik dekorasyon oubyen mete pwason nan yo.
 - Kenbe pisin yo pwòp epi ak ase klò nan yo ; wete dlo ki kanpe sou kouvèti pisin yo.
 - Fè jadinaj pou elimine dlo ki sou pwopriyete kay la.
- W ap jwenn plis enfòmasyon pou chwazi epi itilize espres pou moustik ki nan feyè enfòmasyon Espre pou Pouse Moustik MDPH la ou kapab konsilte anliy nan www.mass.gov/dph/mosquito. Si ou pa ka ale anliy, kontakte MDPH nan (617) 983-6800 pou jwenn yon kopi papye.

Did you know?

Mosquitoes can begin to multiply in any puddle or standing water that lasts for more than four days! Mosquito breeding sites can be anywhere. **Take action** to reduce the number of mosquitoes around your home and neighborhood. Organize a neighborhood clean up day to pick up containers from vacant lots and parks and to encourage people to keep their yards free of standing water. Mosquitoes don't care about fences, so it's important to remove areas of standing water throughout the neighborhood.

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Doktè, nès oswa klinik swen sante w lan oubyen konsèy lasante lokal ou an.
- Depatman Sante Piblik Massachusetts (MDPH), Divizyon Epidemyoloji ak Iminizasyon nan (617) 983-6800 oubyen wèbsayt Arbovirus MDPH la (www.mass.gov/dph/mosquito).
- **Efè Pestisid sou lasante**, MDPH, Biwo Sante anviwònmanal nan 617-624-5757.
- **Kontwòl moustik nan vil oubyen vilaj ou a**: Yo fè Kontwòl nan afè Moustik nan 4 distri nan Massachusetts. Reklamasyon Eta a ak Komite ki Kontwòl afè Moustik (SRMCB) sipèvizè tout 9 distri yo. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte chak distri yo nan sit entènèt nan



www.mass.gov/agr/mosquito/districts.htm. Ou ka kontakte SRMCB nan Depatman Resous Agrikilti nan 617-626-1777 oubyen depatman sante kote w rete a.

